

Viktim krim ki espesifye nan Lwa sou Dwa
Viktim yo gen dwa pou:

- Yo trete yo avèk jistis, respè ak diyite;
- Pou yo prezan nan etap esansyèl espesifik nan pwosesis jistis kriminel la;
- Enfòmasyon sou tout akizasyon ki depoze yo;
- Notifikasyon sou nenpòt chanjman nan sitiyasyon akize a;
- Kontribisyon nan desizyon konsènan negosyasyon pledwaye, ranvwa oswa lòt dispozisyon, santans ak odyans libète kondisyonèl;
- Restitasyon oswa solisyon sivil;
- Notifikasyon alè sou tout dat tribinal yo;
- Pou yo kenbe l enfòmè si yo te arete yon sispèk, epi si yo konnen l, si yo te lage sispèk la, nenpòt kondisyon kosyon yo te enpoze sou sispèk la, epi pou yo enfòmè l si sispèk la te sove, si yo te lage l, si yo te transfere l oswa si sispèk la te mouri;
- Pou anpeche nenpòt pati nan nenpòt pwosedi tribinal pou konvenk viktim nan bay yon temwayaj konsènan adrès, nimewo telefòn, lokal travay, oswa lòt enfòmasyon pou lokalize;
- Liberasyon pwopriyete apre ka a fin rezoud epi li pa nesesè kòm prèv ankò;
- Notifikasyon tout desizyon sou ka oswa kontestasyon;
- Enstriksyon sou resous kominotè yo ak lòt enfòmasyon ki pral ede reyentegrasyon;
- Pou yo ba li sèvis entèsesyon apwopriye nan men patwon travay yo konsènan aparisyon nan tribinal ak reyinyon avèk ofisyèl jistis kriminel yo;
- Apre kondanasyon pou yon krim, sou demann alekri viktim nan; otorite koreksyonèl eta oswa lokal yo ap notifiye viktim nan sou etap kritik yo;
- Pou enfòmè sou egzistans òdonans pwoteksyon kriminel la epi sou demann viktim nan, pwosedi pou modifiye òdonans pwoteksyon an si yon pwosedi egziste;
- Pou yo efase oswa retire nimewo sekirite sosyal viktim lan nan dokiman jistis kriminel yo lè dosye yo lage bay yon lòt moun ki pa viktim nan, yon ajans jistis kriminel, oswa avoka ki nan dosye defandè a.

Pou yon lis konplè Dwa Viktim ou yo, tanpri vizite
www.colorado.gov/pacific/dcj/victim-rights

Antanke viktim youn nan krim ki espesifye nan Lwa sou Dwa Viktim yo, ou ka gen dwa a sèvis sa yo:

- Entèvansyon imedya nan kriz ak sipò swivi
- Sèvis espesyal pou viktim jèn, granmoun aje oswa andikape
- Referans bay moun ak òganizasyon piblik ak prive ki bay
- Sèvis medikal ak lòt sèvis ijans
- Sèvis sante mantal ak sosyal
- Èd finansye
- Sèvis tradiksyon
- Entèvansyon avèk kredite, pwopriyete ak patwon travay
- Resous legal
- Sèvis reyabilitasyon
- Sèvis transpò ak gadri
- Enfòmasyon sou kijan pou jwenn dosye piblik, tankou rapò lapolis
- Enfòmasyon sou òdonans pwoteksyon yo
- Lòt sèvis sipò

Etap Esansyèl yo

Sa ki annapre yo se Etap Esansyèl nan pwosesis jistis kriminèl la epi yo deziyen nan Lwa sou Dwa Viktim Krim yo. Kèk nan evènman sa yo ka pa rive nan ka pa w la.

- **Desizyon pou depoze oswa pou pa depoze plent**
- **Odyans Preliminè**
- **Rediksyon Kosyon oswa modifikasyon kosyon**
- **odyans preliminè**
- **Odyans Masyon**
- **Aranjman**
- **Pwosè**
- **Kondanasyon oswa Modifikasyon Kondanasyon**
- **Revizyon nan Kontestasyon**
- **Tès ADN apre Kondanasyon**
- **Rekonsiderasyon santans**
- **Revokasyon Pwobasyon**
- **Atak kont Jijman**
- **Sitasyon pou dosye viktim nan (medikal, mantal, edikasyon oswa konpansasyon viktim)**

Viktim yo gen dwa pou enfòmè sou tout etap esansyèl yo. Yon viktim gen dwa tou pou yo tande l nan yon odyans sou rediksyon kosyon, akseptasyon yon pledwaye negosye, kondanasyon, ak modifikasyon santans.

Viktim krim yo gen responsablite sa yo:

- Kenbe otorite jistis kriminèl ki konsène yo enfòmè sou non, adrès, adrès imel ak nimewo telefòn yo oswa non reprezantan yo, ansanm ak nenpòt chanjman nan enfòmasyon sa yo
- Pou mande pou responsab koreksyon yo kenbe adrès yo, nimewo telefòn yo, kote yo travay ak lòt enfòmasyon pèsonèl yo konfidansyèl.

Si tout efò lokal yo pou jwenn dwa w yo echwe, rele Biwo pou Pwogram Viktim nan Divizyon Jistis Kriminèl la nan (303) 239-4497 oswa 1-(888) 282-1080, gratis.

Colorado Vine, COVINE

Resevwa yon alèt nenpòt lè sitiyasyon detansyon delenkan w lan chanje. Rapid • Gratis • Konplètman Anonim

Enskri jodi a: 888-263-8463 oswa

www.vinelink.com

Colorado VINE se yon sistèm notifikasyon alavans ki voye yon alèt otomatik ba ou nenpòt estati detansyon yon delenkan chanje.

Enfòmasyon Colorado VINE disponib pou ou 24 èdtan pa
jou, 7 jou pa semèn, 365 jou pa ane. Y ap notifye w
sou liberasyon, transfè, sove oswa lanmò yon delenkan
sou telefòn, imel, tèks ak/oswa TTY.

Sonje, byenke Colorado VINE vize pwoteje w, pa konte sèlman sou Colorado VINE pou sekirite w. Si w santi ou ka an danje, pran prekosyon kòmси delenkan an te deja lage.

DISPONIBILITE DOSYE PIBLIK YO

Viktim yo ka mande yon kopi gratis rapò inisyal la nan Dosye Jistis Kriminèl Greeley/Weld, nan Ajans Polis respektif la 8:00 am rive 4:00 pm. Lendi - Vandredi.

Se lapolis ak/oswa Pwokirè Distri a ki deside si yo pral bay dosye yo.

DEDOMAJMAN POU VIKTIM

Si ou menm oswa yon manm fanmi ou te blese akòz yon krim, ou ka kalifye pou dedomajman pou pèt finansye.

- **Komisyon Dedomajman pou Viktim yo ka bay pou:**
- **Depans medikal ak lopital**
- **Pèt aparèy ki nesèsè medikalman, tankou linèt oswa aparèy pou ede moun tandè**
- **Konsèy**
- **Depans antèmàn**
- **Pèt salè**
- **Pèt sipò pou moun ki sou kont ou**
- **Reparasyon pòt, fenèt oswa lòt aparèy sekirite rezidansyèl.**

Fon sa a soti nan lajan yo bay atravè frè yo enpoze sou moun ki kondane pou krim grav, enfrazyon lejè ak sèten vyolasyon sikilasyon. Pou wè si ou kalifye pou Konpansasyon pou Viktim, kontakte Biwo Viktim/Temwen Pwokirè Distri a pandan lè travay nòmal (970) 356-4010 Ekst. 4746.

https://www.weldda.com/victim_services/crime_victim_compensation

Lien pou aplike sou entènèt: <https://covicrimcomp.org>

KISA M KA ATANN?

Premye chòk apre yon krim, yon lanmò sibit, oswa lòt chòk se yon reyalyite difisil epi li bay doulè pou tout moun ki enplike. Antanke moun, nou souvan reyaji nan plizyè fason diferan lè nou fè fas avèk yon kriz. Kèk reyaksyon komen ka gen ladan yo:

- Chòk, refize kwè, pèt sansasyon
- Enkyetid, santiman panik
- Santiman “pèdi” oswa difikilte pou konsantre
- Iritabilite, dlo nan je, oswa kòlè
- Blame, doute sou tèt ou, santi w koupab
- Pwoblèm dòmi, pèdi apeti
- Retounen nan pase, souvni endezirab
- Depresyon oswa tristès
- Retrè oswa izolasyon
- Pwoblèm relasyon
- Doule fizik san eksplikasyon

PWOTEKSYON POU VIKTIM KRIM YO

Pwosesis legal la ka lakoz konfizyon epi difikilite si w ap chèche èd nan tribinal yo, sitou si w ap fè sa poukont ou. Ou ka jwenn òdonans pwoteksyon tanporè lè w kontakte Biwo Grefye Tribinal Konbine a ki sitye nan Centennial Center 915 lan 10th St., **(970) 475-2400** oswa **www.courts.state.co.us**. Ou ka mande asistans lè w rele **Asistans Viktim GPD (970) 351- 5345**. Yon òdonans pwoteksyon yon avoka prive prepare se toujou yon lòt opsyon.

Modifikasyon òdonans Pwoteksyon kriminel yo fèt lè w depoze yon demann modifikasyon nan biwo grefye tribinal la epi enfòmè inite temwen viktim PWOKIRÈ a.

ABRI YO

A Woman's Place (Greeley)970-356-4226
 Alternatives to Violence (Loveland)..... 970-669-5150
 Crossroads (Fort Collins)..... 970-482-3502
 Safe Shelter (Longmont).303-772-4422

domesticshelters.org